



Ki Vaksen Ou Bezwen?



Ki Vaksen Ou Bezwen?

Antan n ap vanse nan otòn nan pou antre nan ivè, nou gen pi gwo risk trape maladi respiratwa tankou Lagrip , COVID, oswa RSV (enfeksyon bwonchyòl). Jwenn plis enfòmasyon sou:

Lagrip

COVID

RSV

Lepli souvan, yon moun ap gen sentòm ki pa grav lè li vin malad epi l ap refè nan youn a de (2) semèn. Men pafwa ou ka vin malad anpil e ou gen dwa bezwen swen nan lopital. An verite, dapre CDC, gen apeprè 245,000 moun nan Etazini ki te mouri anba COVID an 2022 epi yon lòt 5,000 ki te mouri anba lagrip.

Doktè yo dakò pi bon jan pou pwoteje tèt ou ak lòt moun se pran vaksen. Sa enpòtan sitou pou jèn timoun ak granmoun aje.

Pran randevou pou lagrip ak COVID nan [MyChart](#) oswa rele [Sant Swen CHA](#) w lan. Pou RSV, si ou gen 60-64 an, tanpri rele [Sant Swen CHA](#) w lan pou randevou. Nenpòt moun ki gen 65 an pou pi piti ka pran piki RSV nan nenpòt [Famasi CHA](#). Chèche plis enfòmasyon sou RSV pou fanm ansent alavni.

Randevou pou vaksen nan MyChart



Pase Devan Liy nan – Antre Pi Vit

Pafwa lis randevou an ranpli rapidman e sa gen dwa pran plis tan pou w wè pwofesyonèl medikal ou a. Gen de (2) nouvo zouti – Waitlist ak Fastpass – ki kapab fè ou jwenn randevou pi vit lè genyen ki vin disponib.

Waitlist (Lis Datant): Li kite yo ajoute ou nan yon lis si ou vle yo wè ou pi vit.

Fastpass (Pas Rapid): Li sèvi ak MyChart pou kontakte ou si gen yon randevou ki vin disponib pi bonè pase sa ou te pran an. Li kite ou pwograme pou nouvo/dat lè a oubyen refize li epi tann yon lòt.

Toude zouti yo mache ansanm pou yo ka wè ou pi vit. Si ou vle resevwa avètisman sa yo, annik di nou sa lè w ap pran randevou w lan. Waitlist ak Fastpass disponib nan swen primè epi y ap disponib nan tout CHA an 2024.



Rezilta Fasil

Pèsonn pa vle oblije ap chèche rezilta tès yo sou entènèt. Se poutèt sa nou fè sa pi fasil pou w wè rezilta w yo nan MyChart. Nouvo seksyon Rezilta Tès la montre rezilta ou yo klè kounye a, konpare yo ak ansyen rezilta, epi gen lyen sou plis enfòmasyon pou ede ou konprann chif yo. Al fè yon ti gade nan kont MyChart ou a.

Ale nan MyChart



Poukisa pou Mwen Chanje pou Famasi CHA a?

Lè ou transfere ale nan Famasi CHA a w ap jwenn livrezon lakay gratis nenpòt kote nan Massachusetts. Epi w ap jwenn sèvis eksepsyonèl avèk yon ekip espesyalis. W ap jwenn nou nan Cambridge, nan Malden, epi talè konsa nan Sant Swen CHA ki nan Revere la!

Transfere nan Famasi CHA a jodi a!



Èd pou Mete Manje sou Tab Ou

Si bay tèt ou oswa fanmi ou manje se bagay k ap trakase ou, ale nan [Revere Mobile Market \(Mache Mobil Revere la\)](#) nan [Sant Swen CHA ki nan Revere la](#). Chak mwa, patisipan yo resevwa pwodui agrikòl fre gratis - bagay tankou patat dous, pòm, fig-bannann, chou vèt, kawòt, piman, koujèt ak plis bagay toujou. Yo fè kado bagay ki pa gate tou tankou avwàn, diri, pwa ak manba.

Lè ou vin nan mache a pou premye fwa, w ap gen pou enskri. Moun ki vini premye fwa yo ap jwenn yon boutèy dlo gratis jiskase estòk la fini. Nou espere wè ou nan pwochen mache nou an nan **samdi 2 desanm, soti 10:30 pou rive 11:30 AM.**

Chèche konnen plis jodi a

BELIEVE IN WHERE YOU WORK



Kwè nan Kote W ap Travay la

Teknisyen radyoloji nou yo se sipè-ewo ki gen plis pase vizyon radyografik, yo ofri laswenyay pi fen ki genyen. Mwa sa a, nou te selebre yo pandan semèn teknisyen radyoloji an, kote nou te onore sèvis espesyal yo ofri pasyan nou yo.

Ou vle vin fè pati ekip eksepsyonèl sa a? CHA ap anboche. Chèche konnen kijan ou ka fè yon diferans nan lavi moun epi renmen vin travay chak jou.

Klike la a pou pwochen travay ou a

